



Ki sèvis ki genyen nan **Ospis?**

Yon ekip espesyalis bay pasyan yo yon sipò konplè, sa vle di yo trete moun lan nan tout globalite l, olye pou yo konsantre sèlman sou yon sentòm oswa yon pati nan kò a. Ospis (Hospice) pran an konsiderasyon bezwen inik chak pasyan, pandan li nourri byennèt fizik, emosyonèl, sosyal ak espiryèl yo.

Swen yo gendwa gen ladan:

- Aksè avèk pèsonèl enfimye tout lè, chak jou
- Vizit regilye yon enfimye diplome (registered nurse, RN) oswa yon enfimye oksilyè lisansye (licensed practical nurse, LPN)
- Èd pou swen pèsonèl nan men yon asistan swen adomisil (home health aide, HHA) sètifye
- Sipèvizyon swen yon direktè medikal ospis kowòdone
- Sipò nan men yon travayè sosyal pou pwoblèm emosyonèl ak pratik
- Sipò espiryèl oswa relijye
- Ekipman medikal ak medikaman
- Asistans, sipò ak prezans nan men volontè ki fòme
- Sipò ak konsèy sikolojik pou moman dèy

Ki Kote Yo Bay Swen nan Ospis?

- Lakay pasyan an oswa moun k ap bay swen yo
- Lopital
- Mezon retrèt
- Etablisman lavi otonòm
- Rezidans pou swen nan ospis

Kiyès Ki Peye pou Swen nan Ospis?

- Medicare, atravè avantaj ospis Medicare la
- Medicaid
- Pifò asirans sante komèsyal
- Poutèt pifò ospis yo se òganizasyon ki pa travay pou yo fè pwofi, se kado ak donasyon ki plis ede peye pou pwogram, pwojè ak swen yo

Kiyès ki Kalifye pou Sèvis nan Ospis?

Moun ki gen:

- De (2) oswa plizyè vizit nan depatman ijans ak/oswa ki te entène lopital pandan 6 dènye mwa yo
- Diminasyon pwogresif nan kapasite pou fonksyone
- Pèt pwa ki pa t planifye epi ki plis pase 10% pandan 6 dènye mwa yo
- Enflamasyon kèk pati nan kò a ki vin pi mal oswa ki retounen tanzantan
- Doulè nan pwatrin ki asosye avèk difikilte pou respire
- Difikilte pou vale, oswa w ap toufe pandan w ap vale, akòz yon estwok oswa esklewoz lateral amyotwofik (amyotrophic lateral sclerosis, ALS)
- Batman kè ki pa regilye epi ki pa amelyore apre tretman
- Demans avèk pèt kapasite pou kominike ak mache
- Doulè, kè plen oswa difikilte pou respire ki pa kapab kontwole
- Dezi pou sispann tretman ki bay malèz oswa ki pa efikas
- Dezi pou konsantre sou konfò ak bon jan kalite lavi
- **Doktè konfime yon esperans lavi ki mwens pase sis mwa**

Kijan yon Pasyan Kapab Jwenn Swen nan Ospis?

- Nenpòt moun ki abitye avèk pasyan an kapab fè rekòmandasyon pou swen nan ospis. Sa gen ladan pasyan an limenm—epitou manm fanmi li, zanmi, pwofesyonèl swen sante oswa ajans sèvis sosyal.
- Si ou se pasyan an, ou bezwen pou yon pwofesyonèl swen sante oswa yon enfimyè praktisyen swiv ou pandan w ap resevwa swen nan ospis yo. Sa souvan vle di ou kapab kenbe pwofesyonèl swen sante w la.

Sant pou Swen nan Ospis ak Swen Palyatif

(Center for Hospice & Palliative Care)

Biwo Zafè Granmoun Aje ak Swen Alontèm

(Office of Aging and Long-Term Care)

Imèl: CHPC@health.ny.gov

Telefòn: (518) 807-7848



health.ny.gov/hospice